Дарсил мурадал:

1.Фазу ГIалиевалъул «Кини» абураб асар щула гьаби;

2.ГIумархIажи Шахтамановасул «Рач1а гьудулзаби» абураб асаралъул идейно-художествияб анализ гьаби;

3. ПасихIго цIали камил гьаби, теориялъул баянал щула гьари, гIакълу бегIери малъулеб асаралъул кьучIалда тарбия кьей, жакъасеб гIумруялъулгун асаралъул бухьен чIезаби, хIасилал гьаризе цIалдохъабазулбажар иками лгьаби.

Дарси алатал:

Фазу Г1алиевалъул сурат ,кинидул сурат,Хунзахъ районалъул карта,Г1умарх1ажи Шахтамановасул суратал,Мокъсоб росдал сурат,Ч1арада райоралъул карта,интерактивияб доска,маг1арулазул гьудуллъи рагьулел суратал,гьудуллъиялъул х1акъалъулъ коч1охъабаз ах1улел куч1дул т1ад ругел касетаби,дарсил презентация.

Дарсил тайпа:г1адатияб гуреб дарс.

Дарсил план.

I. Дарсиде х1адурлъиялъул лах1зат.Салам кьей.

II.Рокъобе кьураб х1алт1ул хал гьаби(тестал т1ори т1и).

III.Ц1ияб тема малъи -асаралда т1ад х1алт1и.

IV.Малъараб щула гьаби.

V.Дарсил х1асил гьаби.Къиматал лъей.

VI.Рокъобе т1адкъай.

Дарсил ин.

I. Дарсиде х1адурлъиялъул лах1зат.Салам кьей.

-Рорч1ами лъимал !Дун ц1акъ йохарай йиго жакъа авар адабияталъул рагьараб дарс нужер классалда кьезе рес щвеялдаса.

II.Рокъобе кьураб х1алт1ул хал гьаби(тестал т1ори т1и).\

Тестал-т1орит1и.

1. Щиб районалда гьаюрай Фазу ГIалиева?

А. Хунзахъ

Б.ЧIарада

В. Болъихъ

2. Фазу ГIалиева щиб росулъ гьаюрай?

А. Гиничукь .

Б. Ц1ада.

В. Лъаг1илухъ

3. Фазу Г1алиевалъе Дагъистаналъул халкъияй поэтесса абураб ц1ар чанабилеб соналъ кьураб?

А. 1969

Б. 1968

В. 1970

4. Гьал асаразул Фазу ГIалиевалъул кинаб кколареб?

А.Муг1алим

Б. Маг1арулазул нус.

В.Кини

Г. Манарша

5. Фазу ГIалиевалъул "Кини" абураб асаралъулъ байбихьудаса лъугIизегIан нилъеда цадахъ цойги сундул сипат бугеб?

А.Кинидул.

Б.Рагъул.

В.Базаралъул

6. Фазу Г1алиевалъул" Кини"абураб асаралъулъ Закарие Халун щий кколей йик1арай?

А.Мадугьал

Б.Эбел.

В. ЧIужу.

7.Фазу Г1алиевалъул кинаб асаралъулъ дандч1валей Оксана Григорьевна

А.Маг1арулазул нус.

Б. Муг1алим.

В. Кини.

8. Фазу ГIалиевалъул « Кини»абураб асаралда гьадинаб гара-чIвари лъида гьоркьоб кколеб?

-Мунали юцIцIа дурабгоги бахчун,чияраб гьурщулей йикIинчIого.

А.Меседодаги Калиматидаги

Б.Калиматидаги Саг1адатидаги

В. Халунидаги Саг1адатидаги

9. Чанабилеб соналъгъаюрай Фазу ГIалиева?

А. 1923

Б. 1933

В. 1932

10. Фазу Г1алиевалъул " Кини" абураб асаралъулъ аслияб образ лъил кколеб?

А.Халун.

Б.Закари

В.Меседу

**III. Ц1ияб тема малъи–асаралда т1ад х1алт1и.**

**А)Учителасул цебераг1и** .(къокъго Г1.Ш. г1умруялъулги творчествоялъулги бицина)

Гъанже нилъеца сапар бухьине бугоЧ1арада районалъул Мокъсоб росулъе нилъер маг1арулазул ц1ар раг1арав шаг1ир ,прозаик,Г1умарх1ажи Шахтаманов гьавурав ва г1ураб Ват1аналде.

Гьев гьавуна 1933с. нилъедаса ват1алъана г1олохъанго .

1955с.лъуг1изабуна МоскваялъулЛомановасул ц1аралда бугеб университеталъул журналистикияб факультет.

Х1алт1ана гьев «Баг1араб байрахъ»газетаялъул редакциялда республикаялъул хъвадарухъабазул союзалда.

Гьес хъвадаризе байбихьана жеги гьит1инго.

1957с. къват1ибе биччана т1оцебесеб « Нухда» абураб т1ехь.Гьеб т1ехь ц1алидал нилъеда бихьула шаг1ирасул шиг1ру гьабизе гьунар бук1ин.

Гьесул аслияб анищги,рек1ел хьулал руссунеб бак1ги г1адамал рук1ин.

Г1умруялъул нух ккун цеве унаго

ГанчIидатункула мех- мехалъ хIетIе

Дица  гамач Iбосун нахъе рехула

Хадув вачIунес еквегIенлъиялъе

(Гьаниб ганч1ил гуреб г1умруялда дандч1валел квал-квалазул бицунеб буго,гьел къезарун цере инее ккеялъул.)

Шахтамановасул асаразул темаби бат1и-бат1иял ва бечедал руго.

Гьес сурат бахъараб г1адин цебе ч1езабула   Кавказалъул т1абиг1ат.Т1абиг1аталъул  бицун хъварал  ккола нужер т1ехьалда кьун ругел «Къаралазул г1ор»ва «Г1андадерил х1ор» абурал куч1дул.Ч1арадисезул гимнлъун лъугьана «Къаралазул г1ор»   абураб кеч1.

Гьаб коч1олъ   инсанги  т1абиг1атги цолъун руго,гьанив шаг1ир нилъеда вихьула лъик1ав махшалил  устарлъун.

Къаралазул гIор.

А даим цебехун, цолъе г1оралгун,

Цолъи г1адаб къуват гьеч1о ракьалда.

Бук1а, г1ор кидаго гьедин гьалагаб,

Дир ч1арадисезул х1асрат кинигин.

Гьединго ч1ух1игун рихьизарула зах1матчаг1и,муг1рузул г1адамал.Коч1олъ ах1ула гьудуллъи –вацлъи, бах1арчилъи,берцинго рагьула бат1и-бат1иял г1адамазул къисматал.

Т1оцебесеб т1ехьалдаса хадур къват1ире риччана

«Ц1вабзазул аманат» 1963с.

«Муг1рул т1огьазда г1азул бац1ц1алъи» 1969с.

«Г1аздада ц1аял» 1968с.

«Дандч1вай» 1970с.

«Небеса над ущельем» 1978с.

«Камень у родника» 1973с.

Маг1арул мац1алде руссинаруна М.Ю.Лермантовасул**«Х1ажи Арбек»**,**«Демон»**,**«Мцыри»**-абураласарал.

Г1умарх1ажи Шахтамановасул г1умруялъул нух къокъаб батана.Гьев нилъедаса ват1алъана 1989с. Амма хъван нилъехъе рач1арал асараз нилъ жеги г1емерал соназ рохизарила

Гьесул г1умруялъул г1емерисеб мех анна Москваялда.Москваялде щванщинахъе Дагъистаналъул щивав поэтасе Г1умарх1ажи Шахтамановасул рокъоб батулаан

рек1ел аваданлъиги,Дагъистаналъул мах1ги .Гьев вук1ана ц1акъ рак1 г1анч1ав ихтилат –кеп бокьулев ,гьудул –гьалмагъзаби г1емерав чи.

Г1умарх1ажи Шахтамановасул х1акъалъулъ хъвана гьесул ракьцояв Г1абдула Даргановас(газетаби рихьизарила ва бицина)

-Г1умарх1ажи Шахтамановги Расул Х1амзатовги к1удиял гьудулзаби рук1ана.Гьанже нилъ г1енеккизе руго Расул Х1азатовас « Г1. Шахтамановасде» гьабураб коч1охъ. **Г1умарх1ажи Шахтамановасде.**

Порвать мне, что ли, эту песню в клочья?
Кувшин мне, что ли, вдребезги разбить?
Кому теперь стихи прочту я ночью?
И с кем вино теперь я буду пить?

А ветер листья рвет, а даль туманна,
А гор вершины снежные белы...
Ну как ты мог уехать, Шахтаманов,
Исчезнуть из родной Махачкалы?...

**Х1ухьбахъиялъул лазат.**

(Гьаниб гара-ч1вари гьабила гьудулльиялъул х1акъалъулъ Расул Х1амзатовасул гьал хадур кьурал мухъалги мисалалъе рачун)

-Щуго килищ цох1о квер,

Босе гьудул босе гьаб.

Щуго килищ цох1о зар ,

Босе тушман босе гьаб.

(Гьудуллъиялъул х1акъалъулъ гьит1инабго сценка-дандч1вай бихьизабизе ц1алдохъаби т1амила ,интерактивияб доскаялдаса гьудуллъиялъул х1акъалъулъ суратал-видеоролик бихьизабила ,М.Синдикъовас ах1улеб Расул Х1.хъвараб кеч1ги биччала)

1.Сунде нилъ ах1улел ругел гьаб кеч1алъ?

2.Щиб бугин абулеб бугеб гьудуллъи?

3.Кинав вук1ине колев унго-унгояв гьудул?

4.Гьудул-гьалмагълъиялъул х1акъалъулъ кинал куч1дул ,кицаби нужеда лъалел?

5.Лъицаха бицинеб кинаб темаялда т1асан бугеб нилъер жакъасеб дарс?

6.Щиб жоха кколеб гьудуллъи?

**Б) Словарияб х1алт1и**

Ч1арбида - на полу

Янгъиз – одиноко

Гьобо – мельница

Рач1а ,гьудулзаби.

В) Мисалияб ц1али.Асаралда т1ад х1алт1и.

1.Кинаб асар нужее гьабураб гьаб кеч1алъ?

2.Кинаб рукъ бихьизабулеб бугеб шаг1ирас?

3.Бокьилищ нужее гьединаб гьобол т1аде вач1унареб рукъ?

4.Гьобол вач1унареб рукъ кинаб бук1унин абулеб бугеб шаг1ирас?

Г)Ц1алдохъабазул иргадал ц1али.

Баян кьовул ц1али г1уц1.

1.Кин нужеда гьаб куплеталъул маг1на бич1ч1улеб?

2.Т1убараб къоялъ дунял рогьаралдаса рок1к1инег1ан поэт лъихъ валагьун ч1ун вугев?

3.Рокъор гьалбал ругони ,щиб авданлъи рокъоб бук1унеб?

4.Г1енеккея ругищ Г1. Ш. гьалбал?

5.Г1.Ш пикрабазги, рак1алъги,к1алалъги щал ах1улел ругел?

6.4-леб куплеталъулъ поэт кин вугин абулеб бугеб?

7. Гьелъие г1илла щиб кколеб лъимал?

8.Бокьилищ нужее гьединаб гьобол т1аде вач1унареб рукъ?

9.Гьалбал т1аде рач1унеб рукъ нилъер маг1арулаз кинаблъун рик1к1унеб?

**Д) Коч1ол силлабикияб рахъ батизе ц1ал-би т1амила.** (Чан гьижаялъул роцода хъван бугебали )

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11

Гордухъан баккараб баг1ар бакъул ч1ор

Дир г1ат1идаб рокъоб ч1арбида свана.

Ва столалда гъоркь ,сих1 къот1ун бач1ун,

Бец1лъиялъул раг1ад рещт1унеб буго.

Рокъоб т1олго къайи г1уц1а-къан буго,

Г1адамасул гьаракь раг1улеб гьеч1о,

Диван мерхьун гьеч1о ,хьаг ц1ет1а гьеч1о

Гъаст1а катил гъургъур раг1ула г1иц1го.

**Аллитерация ч1езаби.(**Гьаб коч1ол каламалъе пасих1лъи кьолел цогиги къаг1идаби руго Гьанир такрарлъулел руго коч1олаб каламалъе пасих1лъи кьолел гьаркьал)

Къ-къ-къ

Г1-гь-г1-гь

Хь-ч1-хь-ч1

Гъ-гъ-гъ-г1-г1

Къват1иб риибуго ,рукъянгъизбуго,

Рач1унарел кин нуж дир гьудулзаби,

Махсара-хоч1алъги хабар-бах1салъги

Хинлъизе гьабизе гьаб пашманаб рукъ?

Нуж рач1иналъул лъалк1 бихьич1еб къоялъ,

Къварилъула дир рак1 г1ат1идаб рокъоб…

Рач1а,гьудулзаби,гьоболлъухъ дихъе,

Ч1араб гьобо г1адин, гьаб рукъ теч1ого.

**(Дандекквеял,метафораби .фразеологизмаби ратила)**

**V.Дарсил х1асил гьаби. Къиматал лъей.**

МацIалъулаб лоторея-х1ай т1обит1ила.(ц1алдохъабазе билеталги рикьун , суалал кьела ва бит1ун абураб жавабалъе сайгъатал кьела)

1. Щиб районалдаса кколев Г1умархIажи Шахтаманов?

2. Щиб росулъ гьавурав Г1умархIажи Шахтаманов?

3.Чанабилеб соналъ гьавурав Г1умархIажи Шахтаманов?

4. Гьесул тIоцебесеб тIехьалда цIар щиб?

5. Нилъеца цӀаларабасарсундул хӀакъалъулъ кколеб?

6. Гьудуллъиялъул хӀакъалъулъ кици бице.

7.Жакъа нилъеца цӀаларабасаралда цӀар щиб?

8. Янгъизго - абурабрагӀул магӀна щиб?

9. Щиб жо кколеб гьудуллъи?

10. Рогьаралдаса бецӀлъизегӀан шагӀир лъихъ валагьун чӀун вугев?

11. Кинаб аваданлъи рокъоб букӀунеб ,гьалбал ругони?

12. РакӀалъги, кӀалалъги, пикрабазги щал ахӀулел ругел поэтас?

13. Сунда релълъинабулеб бугеб гьобол гьечӀев рукъ?

14. Кинав вукӀине кколев унго-унгояв гьудул?

15. Дурго гьудуласул хӀакъалъулъ бице?

**VI.Рокъобе т1адкъай.**

«Г1умархӀажи Шахтамановасул творчество лъазабизе.

«РачӀа, гьудулзаби» - абураб кечӀ рекӀехъе лъазабизе.

«Гьудуллъи»-абураб реферат хъвазе.

(Ах1мад З.ах1улеб гьудуллъиялъул х1акъалъулъ кеч1 биччала)

Рач1а вацлъи ц1унизе Цолъи щула гьабизе.

Гьайбатаб ,г1ажаибаб,Г1ищкъу к1одо гьабизе.